दिन–मंगलवार दिनांक–16.09.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सात निश्चय योजना मे बारहवीं कक्षा उत्तीर्ण छात्र–छात्रा सभ के बिहार स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजना मे चारि लाख टाका धरि शिक्षा ऋण के ब्याजरहित बनेबाक घोषणा कयलनि अछि। श्री कुमार सोशल मीडिया पोस्ट मे सभ आवेदक लेल ऋण ब्याजरहित कयल जयबाक जनतब साझा कयलनि। ध्यातव्य अछि जे पहिने ई योजना मे लोन लेबयवला सामान्य आवेदक सभ के चारि प्रतिशत आओर महिला, दिव्यांग आ ट्रांसजेंडर आवेदक सभ के एक प्रतिशत ब्याज देबय पड़ैत छल। श्री कुमार ई सेहो जनौलनि जे शिक्षा ऋण वापिस करबाक अवधि साठि मासिक किस्त सँ बढ़ा कऽ चौरासी सँ एक सय बीस मासिक किस्त धरि कऽ देल गेल अछि।

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सेवा पखवाड़ा मे अठारह सितम्बर कऽ रोहतास जिलाक डेहरी मे आयोजित कार्यक्रम मे भाग लेताह। हमर संवाददाता जनौलनि जे श्री शाहक कार्यक्रम के लऽकऽ ललन सिंह स्पोर्टिंग क्लब, जक्कीबिगहा मे तैयारी कयल जा रहल अछि। जिलाधिकारी उदिता सिंह आइ कार्यक्रम स्थल जाकऽ तैयारिक जायजा लेलनि। ध्यातव्य अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक जन्मदिनक उपलक्ष्य मे सत्रह सितम्बर सँ दू अक्टूबर धरि सेवा ही समर्पणक भाव सँ सेवा पखवाड़ा कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

---

भारतीय जनता पार्टी प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक जन्मदिन के विशेष बनेबाक लेल सेवा पखवाड़ा मे चलो जीते है अभियान शुरू कयलक अछि। प्रदेश भाजपा कार्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर केन्द्रीय मंत्री नित्यानंद राय मोदी रथ के हरियर झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि। मोदी रथ राज्यक सभ दू सय तैंतालीस विधानसभा क्षेत्र मे जाकऽ लोकसभ के प्रधानमंत्री श्री मोदीक जिनगी आओर हुनक उपलब्धि जनाओत। रथ पर लागल स्क्रीन द्वारा श्री मोदीक जिनगी पर आधारित फिल्म देखाओल जायत।

---

राजदक वरिष्ठ नेता आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव आइ जहानाबाद सँ अपन पाँच दिवसीय बिहार अधिकार यात्रा शुरू कयलनि। ई यात्रा एगारह जिला सँ होयत बीस सितम्बर कऽ वैशाली मे संपन्न होयत। श्री यादव पत्रकार सभ सँ गपशप करैत जनौलनि जे यात्राक बिच फराक–फराक जिला मे लोकसभक संग संवाद कऽ पर हुनक समस्या जनताह। ओ जनौलनि जे जनता महागठबंधनक संग छथि आओर ओ हुनक आवाज बनताह।

———————————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता आ जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी जनौलनि अछि जे एनडीए पूरा एकजुट अछि। ओ समस्तीपुर मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत जनौलनि जे घटक दलक बिच सीटक बंटवारा शीघ्रहि कऽ लेल जायत। संगहि, श्री चौधरी राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादवक बिहार अधिकार यात्रा के लऽकऽ जनौलनि जे ई यात्रा पूरा फ्लॉप साबित होयत।

———————————————————————————

मॉनसूनक अति सक्रियताक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे भारी सँ अति भारी बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे पूर्णियांक भवानीपुर मे सभ सँ बेसी एक सय छब्बीस दशमलव दू मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच दरभंगा, समस्तीपुर, बेगूसराय, पूर्णियां, किशनगंज, पटना, नालंदा आओर सीवान जिला मे किछु ठाम भारी बरखा भऽ सकैत अछि। आनो–आन ठाम गरजक संग मध्यम बारिश भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

पड़ोसी राज्य आओर राज्य मे कतेको ठाम भऽ रहल बरखाब कारण गंगा, गंडक, बूढ़ी गंडक, घाघरा आओर बागमती सहित कतेको नदीक जलस्तर बेसी ठाम खतराक निशान सँ ऊपर भऽ गेल अछि।, कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा आओर कटिहारक कुर्सेला मे खतराक निशान सँ एक मीटर ऊपर बहि रहल अछि। आनो–आन नदी सेहो उफान पर अछि।

———————————————————————————

बेगूसराय जिलाक बलिया थानाक सदानंदपुर उच्च विद्यालय परिसर मे होम गार्डक प्रशिक्षु जवान सभक दू गूटक बिच पीटीक दरमियान झंझटक बाद जमि कऽ मारिपीट कयल गेल। एहि मे सात जवान घायल भऽ गेलाह।

---

निगरानी विभागक टीम रोहतास जिलाक विक्रमगंज अनुमंडल कार्यालय मे काज कऽ रहल एक चपरासी के एक लाख सोलह हजार टाका घूस लैत ठामहि गिरफ्तार कऽ लेल गेल अछि। ओ जमीनक झंझट के सुलझेबाक लेल घूस मांगने छलाह।

---

सुपौलक जिलाधिकारी विधानसभा चुनावक तैयारी के लऽकऽ पिपराक सेक्टर पदाधिकारी आओर पुलिस पदाधिकारी सभक बैसक कयलनि। जिलाधिकारी अधिकारी सभ के मतदान केन्द्र जाकऽ समय सँ पहिने सभ काज पूरा करबाक लेल जनौलनि।

---

मधुबनी जिलाक लदनियां थानाक जोगिया गाम सँ पुलिस अस्सी ग्राम मादक पदार्थ ब्राउन सुगरक संग एक तस्तर के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

बेगूसरायक जवाहर नवोदय विद्यालय मे कृमि मुक्ति दिवस कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। जिलाधिकारी तुषार श्रृंगला बच्चा सभ के अल्वेंडाजोनक गोली खुआकऽ कार्यक्रमक शुभारंभ कयलनि।

---

समाप्त भेल।